



Fich Enfòmasyon #14

Melanj RAD ak Seksyon 18

Seksyon 18 Lwa 1937 sou Lojman an otorize demolisyon oswa vant pwopriyete lojman publik yo. Pafwa, Seksyon 18 la itilize ansanm ak RAD pou prezève oswa ranplase lojaman abòdab la.



Kisa Seksyon 18 la ye?

Seksyon 18 se yon pwogram ki pèmèt otorite lojman publik yo (oswa "PHA yo") vann oswa demoli pwopriyete lojman publik yo. Yon "vant" kapab fèt pa PHA bay yon afilye PHA oswa bay yon pwopriyetè ki konplètman nouvo. Nan konteks RAD la, PHA souvan rete enplike nan posesyon an. Lè HUD apwouve yon pwopriyete pou vant dapre Seksyon 18 la, HUD bay PHA nouvo finansman koupon Seksyon 8 la pou PHA kapab kontinye bayasitans lwave a menm kantite fanmi ki te jwenn asistans atravè pwogram lojman publik la. Seksyon 18 la te okòmansman fèt pou pwopriyete ki fizikman obsolèt oswa ki poze risk sante oswa sekirite-pou rezidan yo. Tou dènènyèman, PHA te itilize Seksyon 18 la pou pase de pwogram lojman publik a pwogram Seksyon 8 la paske finansman koupon an bay pwopriyete a plis resous pase sa finansman lojman publik la ta bay, resous ki ka itilize pou amelyore pwopriyete a.



Kisa Melanj RAD/Seksyon 18 la ye?

Nan sèten ka, yon PHA ka chwazi itilize alafwa RAD ak Seksyon 18 la ansanm pou prezève oswa renove yonpwopriyete. Yon PHA ka fè sa paske li pèmèt pwopriyete a jenere plis finansman pou peye pou konstruksyon oswa reyabilitasyon. Lè sa rive, inite asiste nan kad lojman publik yo dwe konplètman ranplase avèk asistans Seksyon 8 —Koupon ki Baze sou Pwojè (PBV) oswa Asistans Lwave ki Baze sou Pwojè (PBRA). Anplis, tout ansyen rezidan yo gen menm dwa ak pwoteksyon ki dekri nan Fich Enfòmasyon sa yo.



Kijan Mwen Pral Konnen Si Pwopriyete m nan Ap Sibiyon Konvèsyon RAD/Seksyon 18?

Yon PHA ki vle pouswiv yon melanj RAD/Seksyon 18 dwe adere a konsiltasyon rezidan RAD yoak egzijans reyinyon yo. Yon PHA dwe endike entansyon I nan plan PHA li epi li dwe òganize yon odyans publik pou pèmèt rezidan yo ak kominate a bay opinyon yo. Pou plis enfòmasyon, gade Fich Enfòmasyon #5 la: Angajman ak Konsiltasyon Rezidan yo.



Ki Dwa Mwen yo nan Kad yon Konvèsyon RAD / Seksyon 18?

Nan kad yon melanj RAD/Seksyon 18, yon rezidan gen tout pwoteksyon ki ta vini avèk yon konvèsyon RAD ki gen ladan:

- Dwa pou retounen;
- Dwa a fon patisipasyon lokatè;
- Dwa a pwosedi doleyans lokatè;
- Pwoteksyon pou rezidan ki ka gen yon revni ki depase oswa yon lojman ki twòp;
- Patispasyon kontinyèl nan Oto-Sifizans Familyal (FSS) & pwogram Opòtinite Rezidan pou Oto-Sifizans (ROSS);
- Egzijans avi ak reyinyon rezidan; ak
- Asistans ak peman pou demenajman.

